АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№11 (9795)

РУЗМАН

23 март 2018 сон

5 РАДЖАБ 1439 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа 9 гъур. 60 коп.

■ ДАНДЕЛЪАБИ

НилъергIан эркенго дин гьабизе рес кьураб хIукумат гIемер гьечIо

Араб анкьил хамиз къоялъ райадминистрациялда тIобитIана тIолгоязде гIагарун росабазул бегавулзаби, гьезул заместителал, росабазул имамзаби ракIарараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана Къелеса гIалимчи ГIусманхIажи ГьитIинамухIамадов, Дагъистаналъул муфтиясул наиб Магьди хIажи МутагIилов, машгьурав жамгIияв хIаракатчи, Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаев, районалъул имам МухIамад ХIамзатов ва цогидалги.

Данделъи нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

- Нилъеца араб соналда районалъул жамагIатазулгун дандчIваял тIоритIана. Лъазабуна щибаб росулъ ругел гIузраби, гIунгутIаби ва гьел гIунгутIаби лъугIизариялда тIад хIалтIулелги руго. Щибаб росулъ гIуцIана росдал фонд. Гьеб фондалде росдал щибаб цIаракиялъ кьолеб буго бищун дагьаб 100 гъурущ, руго росаби цIикIкIун кьолелги. Росабалъ гьарулел хIалтIабазе харж гьабулеб буго гьеб гIарац. Гьелдаго цадахъ росабалъ гьарулел хIалтIабазе харж гьабизелъун районалъул бюджеталдасан харж гьабизе рес щвана 13,3 миллион гъурущ гIарац, гьаб гIарац буго росабазул бюджет гIуцIаралдаса хадуб чара гьечIого гьаризе ккарал хIалтIабазе районалъул бюджеталдаса биччараб гIарац. Нилъеца гьабураб хIалтIул хIасилги квешаб ккечIин абизе бегьула.

Росабалъ гьарурал хIалтIабазул хIакъалъулъ цогидал росабазги гьездаса мисал босизелъун хъвана районалъул « Цолъи» газеталдасан ва районалъул официалияб сайталдасан.

Гьаб соналъул байбихьуда райадминистрациялъул вакилзабиги гIахьаллъун росабалъ тIоритIана сессияби, бегавулзабаз хIисаб кьуна араб соналда гьабураб хIалтIул, цере лъуна гьаб соналда гьаризе хIисабалде росарал хIалтIаби.

Росдае хIажатаб, масъалаби, гIузраби дандразелъун щибаб росулъ бегавул, имам ва школалъул директор гIахьаллъарал данделъаби кварталалда жаниб цо нухалъ тIоритIизе ккелин абураб пикру загьир гьабуна хадубги районалъул бетIерас.

Исламиябги пачалихъиябги рахъ рекъон хIалтIи гIуцIизе рес кьуралъухъ щукру гьабизе ккараб хIал бугин абуна хадувго кIалъарав ГIусманхIажи ГьитIинамухIамадовас:

- Район цебетIеялъе нухал ратиялда, гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабиялда, гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун тарбия кьеялда тIад пачалихъиял хъулухъчагIи ва диниял церехъаби цадахъ рекъон хIалтIулеб заман нилъер ракьалда дир гIумруялда ва цебеккун букIинчIин абизе бегьула. Гьаб гьечIищ нилъеца щукру гьабизе ккараб жо? Гьаб ракьалда тIад кинабго бижун буго инсанасе гIоло. Живго инсанин абуни вижун вуго Аллагьасе гIибадатлагълъи гьабизелъун. Жакъа нилъее гIадин эркенго дин гьабизе ресал кьураб бакI, исламиял абун ругел гIарабиязул хIукуматаздагицин гьечIин абизе бегьула.

Хириял моцIазул хIурматалда гIибадаталда тIадчIей гьабизе тавпикъги къуватги гьарана ГIусманх1ажи ГьитIинамухIамадовас.

(Ахир 2-абилеб гьумералда)

■ РИЩИЯЛ

Жигар бихьизабуна халкъалъ

Щибго гъалмагъир гьечIого, гIодоре риччан ана Россиялъул президентасда цIар чIвалел рищиял нилъер районалда. Цогидал соназда данде ккун нилъер районалъул халкъалъ жигараб гIахьаллъи гьабуна исана гIолилазги харабазги рищиязда. Нилъер районалда букIана кинабниги 44 избирательный участок.

Киналго участкабазда гIуцIун букIана магIна бугеб хIалтIи, культурияб программа, чай гьекъезе ва кваназе санагIат. Рищиязул къоялъ районалъул бетIер МухIамад ХIасанов щвана ХIебда ва цогидал росабалъ рищиязул участкабазда бугеб ахIвал-хIалалъул халгьабизе. Райцентралъул рищиязул участокалда гIуцIараб культурияб программаялда гIахьаллъизе МахIачхъалаялдаса жиндирго махщелцоялгун вачIун вукIана нилъер районцояв, Дагъистаналъул операялъулгун балеталъул театралъул директор, ДРялъул халкъияв артист МухIамад ГIабасов. Районалда гIумру гьабун гьечIел гIемерал нилъер ракьцоялги рачIана шагьаралдаса, хасгьабун президентасе гьаракь кьеялъе гIоло. Хасго жигараб гIахьаллъи гьабуна «Шамил районалъул голилал» гIуцIиялъул церехъабаз.

Президентасул рищиязда гIахьаллъана нилъер районалъул 93,08% гIадамазул.

Рищиязул хIасилал:

1	Бабурин Сергей Николаевич	4	0, 02%
2	Грудинин Павел Николаевич	1020	5,75%
3	Жириновский Владимир Вольфович	7	0, 04%
4	Путин Владимир Владимирович	16 303	91, 47%
5	Собчак Ксения Анатольевна	10	0, 06%
6	Сурайкин Максим Александрович	9	0, 05%
7	Титов Борис Юрьевич	452	2, 54%
8	Явлинский Григорий Алексеевич	1	0, 01%

Бихьулеб букIахъе, тIолабго улкаялда ва Дагъистаналдаго гIадин, нилъер районалдаги бищун цIикIкIун гьаркьал щвана В.В.Путиние.

М. МУХIАМАДОВ

■ ДАНДЕЛЪАБИ

НилъергIан эркенго дин гьабизе рес къураб хIукумат гIемер гьечIо

Бегавулзаби имамазаби райадминистрациялде ракIарараб данделъи

(Байбихьи 1-себ гьумералда)

- Дицаги тасдикъ гьабила ГIусманхIажиясул рагIаби, - ян абуна жиндирго кIалъай байбихьулаго МухIамад ХIамзаевас. - Нилъер пачалихъалда гIадин эркенго дин гьабизе рес къураб бакI дидаги дандчIвачIо, гIарабиязул пачалихъаздагицин. СагIудиялъгицин мажгит базе ккани, ялъуни мажгиталда имам тIамизе, вагIза гьабизе хIукуматалъул тIадчагIазул изну хIажалъула. Гьабулеб вагIзагицин гьел тIадчагIазе бокьараб къагIидаялъ гьабизе ккола. Нужецаго хал гьабеха нилъер пачалихъалда диналъе кьун ругел ресазухъ. Гьал ахирал соназда нилъер гIолилазги лъикIаб мисал бихьизабулеббугожидерцолъиялъ, гъункиялъ. Гьез церехъанлъиги гьабун тIоритIулел руго лъикIал тадбирал, спорталъул къецал.. Пачалихъиял ва рухIиял церехъабаз цIикIкIараб кIвар кьезе ккела гIолилал битIараб нухда куцаялде, ВатIан бокьи-ялъул тарбия кьеялде.

Дагъал церегIан къоязда тIобитIараб волейболалъул турнир тIадегIанаб даражаялда гIуцIиялъухъ районалъул гIолилазул жамгIияб гIуцIиялъе лъикIаб къимат ва баркалаги кьолаго, районалъул бетIерас загьир гьабуна нилъер район цIалулъги, спорталъулъги, рацIцIа-ракъалъиялъулъги – сундулъго мисалияблъун букIине кколин абураб пикруги.

Хадубго бицана росабалъ гьарулел хIалтIабазул, бищун цере тIуразаризесел масъалабазул, кIвар буссинабизе ккарал рахъазул. Гьединго М. ХIасановас гьекъолеб лъим чорок гьабулеб букIиналъулги бицун, росабазул имамзаби ахIана гьелда хурхун жамагIатазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гьабиялде.

Хадувго кIалъарав ДРялъул муфтиясул наиб М.МутагIиловас СагIид афандиясул рагIабазул мисалаздалъун бицана дин ва дунял гьаби кIиго гьакибер гIадинаб жо букIиналъул:

- ХIакимзаби ва гIалимзаби рекъон рукIин - гьеб буго иш цебе билъиналъе шартIин хъвалеб буго цо кIудияв Аллагьасул валияс. Нилъеегиги Аллагьас тавпикъ кьеги гьедин хIалтIизе.

Ахиралдаги районалъул бетIерас баркала загьир гьабуна заманги батун данделъиялде рачIарал гIалимзабазе, имамзабазе. Гьадиналго цадахъал данделъаби лъагIалида жаниб цо нухалданиги тIоритIизе пикру бугин ва гьез жамагIаталъего кIудияб пайда кьезе бугин абуна МухIамад ХIасановас.

МухIамад ГIУМАРАСХIАБОВ

■ АНТИТЕРРОР

Терроризмалде данде къеркьеялъе районалда гIуцIараб комиссиялъул данделъи тIобитIана райадминистрациялда 15 марталда.

Гьенир гIахьаллъана ФСБялъул Хунзахъ отделалъул вакил Ш.ГIабдулаев, районалъул прокуророрасул заместитель ХI.ГIонжолов, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев И.ГIалиев, районалъул росабазул бегавулзаби ва имамзаби.

Данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIер, районалъул АТКялъул нухмалъулев М.ХIасановас. Гьес жиндирго кIалъаялда данделъаразда бицана 18 марталда Россиялъул Президент вищулеб къоялъ хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе гьаризесел тадбиразул. Гьединго районалъул бетIерас ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялда тIадкъаял гьаруна щибаб росулъ рищиял тIоритIулел участокал ва гIадамал гIемер ракIарулел бакIазда цереккунго халгьариял тIоритIизе.

Районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев И.ГIалиевас бицана халкъалъухъ кодоб бугеб ихтияр гьечIого цIунараб ярагъ нахъе босиялда хурхун гьабулеб хIалтIул хIасилазул.

Районалъул бетIерас тIадкъана щибаб бащдаб лъагIалие гьеб мухъалда гьабулеб хIалтIул хIисаб кьезе.

Гьединго районалъул бетIерас хасал тIадкъаял гьаруна районалъул ГО ЧС ва мобилизационнияб хIалтIуе уполномоченный И.ГьитIиновасе, лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев И.ХIажиевасе ва росабазул бегавулзабазе.

АТКялъул аппарат

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Вниманию выпускников прошлых лет, сдающих ЕГЭ в 2018 году!

Доводим до вашего сведения расписание экзаменов время и место сдачи ЕГЭ.

№№	Название предмета	Дата проведения
1.	Русский язык	23.03.2018г.
2.	Математика профильная	30.03.2018г.
3.	Физика	02.04.2018г.
4.	Химия	26.03.2018г.
5.	Информатика	21.03.2018г.
6.	Биология	07.04.2018г.
7.	История	26.03.2018г.
8.	География	21.03.2018г.
9.	Английский язык	09.04.2018г.
10.	Обществознание	04.04.2018г.
11.	Литература	09.04.2018г.
12.	Математика базовая	11.04.2018г.

Вам необходимо явиться в указанные в расписании дни в с.Кикуни Гергебильского района, где вы будете сдавать ЕГЭ.

Отдел образования МО Шамильский район».

20-азарго тонна хъилалъул тIезе буго къокъаб заманалда

Дагъистаналъул киналго райцентралде нухал гIатIидги гьарун, хъил тIун къачIалел руго хасаб программаялда рекъон. Гьелда рекъон республикаялъул нухазул идараялъ лъикIал гIатIидал нухал гьаруна нилъер районалдаги. Лъабго соналъ цебе гьидерил кьодаса ЛъаратIехун унел нухал гIатIидги гьарун цо гьат хъилалъулги тIун букIана.

16 марталда байбихьана гьеб нухда раккарал гIунгутIабиги лъугIизарун кIиабилебги гьат хъилалъул тIезе. Гьеб хIалтIи байбихьулеб тадбиралде щварал нижее Дагъавтодоралъул пресс-хъулухъалъухъа гьадинал баянал щвана.

- Хъил тIеялъул хIалтIаби унел руго «Гунибское шоссе - Вантляшевский перевал» нухлул 60 – 72 километралда. Лъабго соналъ цебе 7 сантиметр бицалъиялда хъил тIун букIана нухде. ТIаде тIолеб кIиабилеб гьаталъул бицалъи 5 см. Кинабниги 18 километралда тIезе ракIалда буго хъил, нухлул гIеблъийин абуни 7 метралдаса дагьаб гьечIеб букIине буго. ГIаммгьабун босани, къоазарго тонна хъилалъул тIезе хIисабалде босун буго къокъабго заманалда жаниб. Асфальт баччизе буго дагьал церегIан соназда бараб ЗагIиб росулъ бугеб цIияб асфальт гьабулеб заводалдаса. Цо сменаялъ 800 метра асфальт тIезе хIисабалде босун буго. Асфальталъул даража битIахъего бараб букIуна гьеб гьабиялъул технология цIуниялда. Гьелда хадуб хъаравуллъи ккола Дагъавтодоралъул хасаб отделалъ. ЗагIиб заводалдаса хъил тIолеб нухлул бутIаялде бугеб 30 км рикIкIуна асфальт баччиялъе бищунго лъикIаб манзиллъунги.

Хъил тIолеб къоялъ гьеб нухлул бутIаялде цадахъ райсобраниялъул председатель М-А Хизроевгун щвана районалъул бетIер МухIамад ХIасановги. Дагъавтодоралъул пресс-службаялъулгун ва РГВКялъул корреспондентасулгун гьабураб кIалъаялда районалъул бетIерас баркала загьир гьабуна республикаялъул тIалъиялъе ва Дагъистаналъул нухазул идараялъул бетIер Загьид Хучбаровасе.

Гьединго баркалаялъул рагIаби абуна нухда хIалтIулел хIалтIухъабазеги.

МухIамад ГIУМАРАСХIАБОВ

Авторасул бокIон

Давуд ДАВУДОВ

«СВЕРУХЪЛЪИЯЛДА ДАГЬЛЪУЛЕБ БУГО ТIАБИГIАТ, ТIАБИГIАТАЛДА ЦIИКIКIУНЕБ БУГО СВЕРУХЪЛЪИ..»

Къо бахъанагIан, машгьурав поэт Роберт Рождественскиясул, гьал рагIаби цIакъ хехго нилъер гIумруялъул тарихалде чIегIераб тIанкIлъун хутIизе хIадурун руго. Гьелъул магIна буго дунялалда инсанасул къадар цIикIкIанагIан, сверухъалъиялда «чIобогояб», ай тIабигIияб рацIцIалъи цIунараб бакI дагьлъизе бугин. Нилъер заманалда инсанасе яшав гьабизе бигьаго буго. Амма сверухъалъи бацIцIадго чIезабизе захIмалъулеб буго. Советияб хIукумат биххилалде цебе нилъехъе гьоболлъухъ, нилъер тIабигIат бихьизе шавкъалда гIемерал туристал рачIунаан. БацIцIадаб гьаваги, беричал рохьалги, рорхатал кьурабиги, ралагьун бер гIорцIуларел мугIрулги, цIорорал иццалги, сахаватал гIадамалгигьеб кинабго буго нилъер районалъул тIабигIатияб бечелъи. Амма рухIияб бечелъи, ТIадегIанас нилъее кьунщиналде щукру гьабулеб лъикIаб ният тIагIунеб буго ракIазулъ. ТIаде рачIарал гьалбадерида , машгьурал гIалимзабазул ВатIан, Шамил районалъул тIабигIат бихьизабизе нечараб хIал ккезе тун буго.

Их рещтIингун нилъер ракIалги цIилъула тIабигIат цIилъулеб бихьун. Гъоркьан тIаде, Гьолокьа бахъараб Дагъбашалде щвезегIан байбихьула тIоцересел гъутIби тIегьазе, ва бакъул чIорал киниги рахъ-рахъалде ун сверухъалъиялдаго ругел киналго росабазе мадиро гIадин кьола гьуинал махIалги гIурччинлъиялъул халичабиги. Их рещтIингун рарал хехал цIадаца иххалги щоларищха. Гьеле гьез къватIибе хъамула, рехула щибаб росдал къватIахъ,кIкIал-хъитIазухъ гIадамаз тIупараб, бахчараб чороклъи. Амма гьел гIузраби цохIо ихдал гурелги загьирго руго берда цереги. КIкIалабахъе раккичIониги щибаб росулъ ратула лъарахъе тIамурал хIажатханаби, канализациял ,хварал кутул, гьаби рехун.

Исана Дагъистаналъул Лъай кьеялъул министерствоялъ лъазабун буго: «Лъел тIалаб-агъаз-букIинеселъул тIалаб-агъаз» абураб конкурс. Бищун лъикIаб букIинаан гьеб къецалде нилъеца цIалдохъабигун цадахъ гIурул рагIал бацIцIад гьабиялъул видеоматериалги хIадурун гьеб тIибитIизабуни. Амма, цо рахъалъ босани, гьеб тадбиралда гIахьаллъизе лъималазулги гъира балеб батиларо. Щайгурелъул, нилъер районалъул гIемерисел росабаздаса цIалдохъаби цIалулел руго ХIебда школалда. Гьезда бихьулеб буго школалъул азбаралдегицин гIадамаз жидерго рукъзабахъа чваххизе толеб чорокаб лъамалъи. МугIалимзабаз ва цIалдохъабаз гьенир рахъал рахъун лъураб рогIороялде жанибе гьел чорокал чваххиял ккезаризе жалго рукъзабазул хважаинзабаз хIаракат бахъулеб гьечIо. Гьеб квешаб мисалги буго цIияб гIелалъул берда цебе. Гьединго школалъул чалиялда сверухъ къасиса радалиде рехун батула кьищни-къул. «РацIц1алъи гьеб бакIа-бахараралъуб гуреб,чороклъи гьабулареб бакIалда букIуна»-ян абураб кици буго.

Нилъер аварагасул (с.т.гI.в.)хIадисги буго: «ХIакълъунго ислам цIакъ бацIцIадаб,гъиз гъорлъ гьечIеб жо буго,нужеца рацIцIалъи тIалаб гьабе!». Нилъеца ретIел-хьит,рукъ-бакI гIадин пикрабиги, сверухъалъиги бацIцIадго цIуниялде ахIулел руго нилъ исламалъ.

P.S. Лъабго районалъул жамагIат хьвадулеб бакI буго нилъер гьаб. Гьезиеги мисаллъун букIине Халкъазда гьоркьосеб лъим цIуниялъул къоги хIисабалде босун, март моцI ахиралде щвезегIан Авар гIурул рагIал бацIцIине волонтеразул къокъаби гIуцIизе бегьилаан. ТIолго идараби къватIире рахъун субботникал гIуцIулеб гIадатги буго нилъер. ГIицIго ихдал гуребги, тIубараб лъагIелалъго рацIцIалъиялда хадуб хъаравуллъи ккезе бегьунгутIи щиб бугеб? Гьединго, нилъер шагьра нухаздаго гIадин, гIурул рагIалдаги субботниказда рахъарал суратал лъурал игIланал чIвани хашго хьвадун ругьуназулги рекIелъ яхI бижилаан.

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ НУХДА

ГIолилазул церехъаби администрациялда

Районалъул бетIер МухIамад ХIасанов ва нилъер районалъул куратор, ДРялъул сахлъицIуниялъул министр Танка Ибрагьимов дандчIвана «Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулевгун ва гьеб гIуцIиялда гьоркьоре унел росабазул гIолилазул церехъабигун.

ДандчIваялда районалъул бетIерас бицана араб соналда районалда тIоритIарал ва гьаб соналде хIисабалде росарал тадбиразул ва дандчIваязул. Бицана районалъул росабалъ гIолилазда гьоркьор дандчIвалел гIузрабазул, гьел тIуразаризе цадахъал тадбирал гьаризе ккеялъулги. «Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев МухIамад Дибировас районалъул росабалъ гьабураб хIалтIухъ ва гIолилазулгун гьабулеб тIей гьечIеб бухьеналъухъ районалъул бетIерасе кьуна «Благодарность» шапакъатги.

ДРялъул сахлъицIуниялъул министр Танка Ибрагьимовас жиндирго кIалъаялда бицана Дагъистаналда сахлъицIуниялъул бутIа цебетIеялъе гьабулеб хIалтIул, гьеб бутIаялда ругел гIунгутIабазул.

М. ГIУМАРАСХIАБОВ

КъадруяБ лъалкI тарав Асадула ЧIегIеровасул хIурматалда

КIудияб ватIанияб рагъул гIахьалчи, машгъурав пачалихъияв хъулухъчи ГIурадаса Асадула ЧIегIеров ракIалде щвезавулеб спорталъул тадбир букIана 17-18 марталъ МахIачхъалаялда. Балугълъиялде рахунел васазда гьоркьоб Армиялъулаб кверзул рагъухъанлъиялъул Дагъистаналъул чемпионат тIобитIана гьев, «Красная звезда» орден ва цоги гIемерал, улкаялъул шапакъатал жиндие щварав, бахIарчияв нилъер районцояв цIиял гIелазда лъазавиялъул мурадалда.

ЧIегIеров Асадула гьеб хIурматалъе ва мисаллъун рехсесе мустахIикъав вукIин тасдикъ гьабуна гьеб турнир рагьулаго кIалъарал ДРялъул хIукуматалъул председателасул тIоцевесев заместитель Анатолий Карибовас, Олимпиялъул чемпион, цIар рагIаравречIчIухъан Загьалав ГIабдулбековас, ДРялъул Халкъияб собраниялъул депутат МухIамад Асиятиловас ва цогидалги чIахIиял хъулухъазда ругел ва машгъурал нилъер районцояз, дагъистанияз. Гьез бицана ЧIегIеровас жиндир заманалъ тIуразарурал жавабиял хъулухъазул, гьесул бахIарчилъиялъул, гIакъиллъиялъул ва наслабазе мисаллъун гьес нахъе тараб къадруяб лъалкIалъул.

Къецазда гIахьаллъана Дагъистаналъул 25 командалъул 237 спортсмен. Гьезул мухъилъ вукIана живго Асадула ЧIегIеровасул наслуялъул вас Асадула Мусалов. 9 классалда цIалулев Асадула цеве вахъана 55 кг. цIайиялда. РакIчIараб бергьенлъиги босун гьев вахъана турниралъул чемпионлъун.

БахIарчияв ракьцояв ракIалде щвеялъе гьабулеб гьеб турниралде рачIун рукIана машгъурал политикал, министрал ва цоги гIемерал къадруял нилъер районцоял, ЧIегIеровазул гIагарлъи, росуцоял.

М. МУХIАМАДОВ

Асадула ЧIегIеров ракIалдещвеялъул турнир

Районалъул росабалъ ГТОялъул нормаби къуна

2014 соналъул ихдал нилъер пачалихъалъул Президент В.В.Путиница гьулбасана ГТОялъул система цIигьабиялъе указалда.

СССРалъул заманалда щибаб идараялда букIана «Готов к труду и обороне» абураб ахIиялда гьоркь физический рахъалъ хIалтIухъаби хIадур гьариялъулаб хасаб программа. ГТО букIана халкъалъе физический тарбия кьеялъе къучIлъунги сахлъи щулалъиялъе ва гьеб цIуниялъе аслулъунги.

Исана ункъабилеб сон буго нилъер республикаялда гьеб ГТОялъул нормативал кьолелдаса.

Улкаялъул президент вищулеб къо, 18 марталда данде ккезабун нилъер районалъул цо чанго росулъ къуна ГТОялъул нормативал. Гьенир гIахьаллъана 18 сон барадаса 70 соналде щвезегIан гIумрудул ригьалда ругел районцоял.

Гьезда гьоркьоре уна рекери, кIанцIи, турникалда цIай, пневматикаялъул туманкIалдаса кьвагьи, отжимание, гиря борхи ва рехи ва гьеб гуребги цогидабги. Щибаб гIумрудул саназе кьезе кколел батIи-батIиял нормаби руго.

Райадминистрациялъул спорталъул рахъалъ бетIерав специалист Гьимат Гьиматовасул рагIабазда рекъон райцентралда тIоритIизе руго ГТО кьеялъул тадбирал. Гьенир гIахьаллъизе руго районалъул росабалъ лъикIал хIасилал рихьизарурал микьго чи. Гьанир лъикIал хIасилал рихьизарурал гIахьаллъизе руго тIолгороссиялъулаб физкультуриябгун спортивияб ГТО комплексалъул республикаялъулаб этапалда.

МухIамад ГIУМАРАСХIАБОВ

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П. ГьитIинова
(Балилова)
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
М. ГIумарасхIабов.

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д. Давудов
М. МухIамадов

НАБОР

Рисалат Абакаровалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район», Шамильское районное собрание

БатIи-батIиял соназдa газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета къабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ТУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде къураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.

Нижер электронияб почтаялъул адрес:
infcentr2015@yandex.ru

Издателасул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI
№ 50